

Ki sa ki se yon Entèvyou Kredib Laperèz?

Nan pwosesis mande azil la, gen yon pati kote Etranje ki konsène a ap genyen pou l pase yon entèvyou, pou l kapab demontre, pwouve ajan imigrasyon an k ap gen pou poze l kesyon yo, rezon yo ki fè l pè tounen nan peyi l. Entèvyou sa a, (kote moun k ap mande Azil la dwe rive demontre gwo lapèrèz li genyen pou l retounen nan peyi l la), li ap gen chans al pase li apre li fin byen reponn kesyon ajan imigrasyon yo ap al poze l yo nan moman y ap resevwa li sou fwontye peyi li (moun k ap fè demand lan) deside vin pran azil ladann nan. Ajan imigrasyon meriken yo blije fè l konsa, paske fòk yo respekte sa lalwa di anvan yo voye yon refijye tounen nan peyi li. Nou vle pale la de pwosesis ki pote non, « Mete deyò san pèdi tan ».

Lè ou (sa vle di Moun k ap mande azil la) rive demontre aklè lapèrèz ou genyen kifè ou pa ka tounen nan peyi w, yo pral vin ba w posibilite pou l al pase entèvyou Lapèrèz solid la.

Se kesyon Ajan Imigrasyon an pral poze w yo nan entèvyou a (antank refijye), ak repons w ap al bay yo k ap pèmèt ajan an kwè ou genyen tout bon vre: swat pèsekisyon, oubyen yon gwo chans pou si w tounen peyi w, pou yo ta tètire w, sa vle di pou yo bat ou, fè w pase mizè, pou près ta touye w. Epitou, se memm repons sa yo w pral ba li yo, k ap ede l konnen si w gen yon chans jwenn Azil la nan men Jij Imigrasyon an si ou ta rive devan l.

Gen de kalte Lapèrèz solid :

Gwo Lapèrèz pèsekisyon Se yon posibilite ou ka tabli san kè sote, san okenn dout, nan yon odyans devan jij imigrasyon an, k ap fè l kwè ou ap sibi pèsekisyon tout bon vre nan peyi w swat paske: ou gen tèl koulè po, ou chwazi tèl relijyon, ou gen tèl nasyonalitye, ou se manm tèl gwoup sosyal, ou renmen tèl opinyon politik.

Gwo Laperèz pou yo pa tètire w. Se Yon posibilite ou ka tabli san kè sote, san okenn dout, nan yon odyans devan jij imigrasyon an, k ap fè l kwè si w tounen nan peyi w, gen moun ki ap ret tann ou pou bat ou jouk yo près touye w. Se sa yo rele « Tòti » a ki se yon fòm pinisyon ki kriyèl anpil kote manm gouvènman peyi w la oubyen ak konsantman li, ap fè w pase nan yon je zegwi ak baton oubyen diferan lòt bagay, ki ka debouche sou gwo soufrans nan lespri w oubyen nan kò fizik ou.

Kèk kesyon yo renmen poze nan entèvyou sa a :

- Enfòmasyon sou kimoun ou ye? (ki dat ou fèt, nan ki peyi w fèt, elatriye)
- Poukisa w pè retounen nan peyi w ?
- Eske lè w nan peyi w ou konn sibi pèsekisyon, eske yo konn bat ou, oubyen fè w lòt bagay ki fè w santi lavi w menase ?
- Eske w panse si w tounen nan peyi w y ap vin pèsekite w, oubyen bezwen tètire w ?
- Ki moun oubyen ki gwoupman moun ou pè a? Poukisa ?
- Eske w panse gen yon kote nan peyi w si w al viv ladann ou ap gen sekirite?
- Eske w panse gouvènman peyi w la patisipe nan tout pèsekisyon w ap sibi yo?

Kèk konsèy sou kijan pou w prepare entèvyou sila a:

- Mete tout ti detay ki nan listwa w yo sou papye pou w pa bliye anyen. Konsa tout sa w pral gen pou temwaye pandan entèvyou an, ak nan tout pwosesis la ap akòde, y ap ale nan menm sans.
- Si w bezwen entèprèt oubyen si w pa ka konprann sa entèprèt la ap di w yo, fè ajan imigrasyon yo konnen san pèdi tan.
- Sonje rakonte tout detay ki enpòtan epi ki gen rapò ak eksperyans pèsekisyon ou te ap sibi yo nan peyi w. Se detay epòtan sa yo k ap al fè responsab imigrasyon yo konnen si wi ou non y ap ka ba w azil la pi devan.
- Si w santi w pè retounen nan peyi w oubyen yo te konn ap pèsekite w nan peyi w, asire w ou di ajan imigrasyon an sa.
- Li enpòtan anpil pou w di laverite pandan tout entèvyou a, epitou pou w sonje tout sa w di yo. Paske si w reyisi premye entèvyou sa a, se memm kesyon sa yo y ap al poze w ankò nan lòt entèvyou w pral gen pou w pase ankò yo, nan pwosesis demand azil ou a. Konsa w ap sèten pou w pa di anyen ki depaman.

Skane QR kòd sa a oubyen klike sou lyen ki anba a pou w ka visite sitweb nou an. Konsa w ap ka konnen ki dat ak kilè n ap fè rankont sa yo:
<https://bit.ly/BAJIASylumClinics> ou voye une email a Juharah@BAJI.org

